

# CONSUMER DEPOSIT ACCOUNTS

Kont Depo Konsomatè



**AVÈTISMAN:** Eleman debaz pwodwi oswa sèvis sa a disponib sèlman an Anglè: pa egzanp, dokiman kontra yo, divilgasyon legal yo, epi kominikasyon sèvis ki gen rapò ak pwodwi oswa sèvis la pral bay epwi yo dwe egzekite (kote li ta dwe aplike a) an Anglè. PNC fè efò pou l ofri anpil sèvis sipò lang, men tanpri fòk ou konnen anjeneral pwodwi oswa sèvis la pral akonpli epi sèvi an Anglè. Tèm ak kondisyon prodwi PNC yo estandadize: byenke kondisyon yo ka varye selon reyalite aplikasyon an (sa gen ladan de karakteristik prodwi kliyan chwazi a), admisyon varyasyon yo deja detèmine pakonsekans anplwaye PNC yo pa gen oken otorite pou yo negosye tèm varyasyon an avèk oken moun.

## Resous Lang PNC

Tanpri gade nan [PNC.com/Language](https://www.pnc.com/Language) pou jwenn enfòmasyon anplis sou Sipò ki disponib pou Lang.

### Kont Chèk yo

Yon Kont Chèk nan PNC se yon kont depo ki pèmèt ou depoze lajan w fasilman epwi retire lajan nan divès fason pou depans chak jou.



### Kont de rezev/Epay yo

Yon Kont Epay/derezèw se yon kont depo ki rapòte enterè. Li fèt pou konsève lajan ke ou pa gen plan pou w depanse l imedyatman, epwi li ede w bati yon kont derezèw oubyen epay pou yon plan dire kout oubyen yon plan nan yon tèm long.



### Sètifika Depo yo

Yon sètifika depo (CD) se yon prodwi oubyen yon kont rezève ki peye yon to enterè byen detèmine sou yon peryòd de tan byen defini – jiska “dat matirite” a oubyen kontra fini.



## Karakteristik Prensipal yo

### Kont Chèk yo

- Ou ka depoze lajan nan kont chèk la nan diferan fason, sa gen ladan depo dirèk, depoze lach oubyen chèk nan yon ofis lokal, oubyen yon sant de solisyon yo, nan yon ATM PNC avèk Kat Debi Visa® PNC Bank ou, pa transfè elektronik, oubyen pa Depo sou telefòn nan Aplikasyon Mobil PNC a. Lajan ou depoze yo gendwa pa disponib pou w itilize imedyatman. Pou plis detay sou kilè lajan apati nan depo ou yo vin disponib, gade nan politik Disponibilite Fon ou yo. Pou plis detay sou kilè depo w la ap disponib, gade sou règ oubyen prensip bank la sou depozit.
- Epitou ou kapab retire lajan nan kont sa a nan diferan fason, sa gen ladan nan yon ofis lokal oubyen sant de solisyon yo, ak chèk, retrè nan ATM avèk Kat Debi Visa® PNC Bank ou, oubyen transfè elektronik.
- Nou ka chaje w yon frè de sèvis chak mwa sou kont la. Pou kèk kont, ou ka evite frè sèvis chak mwa sa yo si w ranpli kèk kondisyon. Nou ka chaje w lòt frè tou, sa gen ladan frè pou itilize ATM ki pa pou PNC, resevwa rapò oubyen bòdwo sou papyè, arete yon peman, ak lòt ankò. Pou plis detay, gade nan kondisyon ak tèm sou frè sèvis ak frè pou kont la [yo].
- Nou ajoute lajan, oubyen retire lajan sou kont la lè nou resevwa avètisman sou tranzaksyon yo. Nou resevwa avètisman sou tranzaksyon yo nan panda plizyè fwa nan yon jounen, epwi yo pa nesèsman vini nan lòd kote yo fèt la. Pratikman, nou pral trete tranzaksyon yo nan lòd ak dat ak lè nou resevwa avètisman sou tranzaksyon an. Nou pral trete depo yo avan, après retrè yo. Pou plis detay sou fason nou trete tranzaksyon yo, gade nan akò kont la.
- Chak mwa n ap voye yon rapò ki endike tout aktivite ki fèt sou kont la. Ou ta dwe egzamine rapò/bòdwo say o ak anpil atansyon pou si ta jwenn yon erè, oubyen yon tranzaksyon ki pa otorize. Pou plis detay konsènan dwa ak responsablite w si w ta jwenn yon tranzaksyon ki pa otorize, gade nan akò ak divilgasyon kont la.
- Ou menm oubyen nou menm ka fèmen kont sa a nenpòt lè. Si w abandone kont la oubyen li genyen lajan sou li e pa reklame kòb sa a, jan sa dekri nan lwa lè li aplikab, nou ka fèmen kont sa a epwi remèt lajan ki ladan l nan bay Eta oubyen jiridiksyon ki apwopriye a.

(swit)

### Kont de rezèv/epay yo

- Ou ka depoze lajan nan kont de rezèv/epay sa a nan plizyè fason, sa gen ladan depo dirèk, depoze kach oubyen chèk nan yon ofis lokal oubyen yon sant solisyon, nan yon ATM PNC avèk Kat Debi Visa® PNC Bank ou oubyen Kat Bankè PNC ou, pa transfè elektwonik, oubyen pa Depo Mobil nan Aplikasyon Mobil PNC sou telefòn la. Lajan ou depoze yo gendwa pa disponib pou w itilize imedyatman. Pou plis detay sou kilè lajan oubyen yon pati nan depozit la ap disponib, gade nan kondisyon bank sou depozit pou kont sa a.
- Ou ka retire lajan nan kont ou nan plizyè fason, sa gen ladan nan yon ofis lokal oubyen nan yon sant solisyon, yon retrè nan ATM avèk Kat Debi Visa® PNC Bank ou oubyen Kat Bankè PNC a, oubyen pa transfè elektronik.
- Nou ka fè w peye yon frè si w depase plis ke sis (6) retrè pandan peryòd de bòdwo/rapò chak mwa. Pou plis enfòmasyon, gade nan kondisyon frè sèvis ak frè pou kont la [yo] (“Barèm Frè” Frè ki deja kalkile).
- Kont sa a pral jwenn yon to enterè ki varyab. To a ka chanje selon desizyon bank la e yo pap avèti w lè yap pran desizyon sa yo. Pou plis enfòmasyon, tanpri gade nan akò kont la ak divilgasyon ouvèti kont la, oubyen kontakte bankye pèsonèl ou a.
- Ou gendwa kapab benefisye yon pi gwo “to de relasyon” sou kont la lè w ranpli kèk kondisyon. Pou plis detay sou fason pou w benefisye to relasyon an, gade nan kondisyon Frè kont la ak nan lòt divilgasyon ouvèti kont la.
- Kont ou ka gen yon frè sèvis chak mwa, men li ki ka anile/evite si w ranpli kèk kondisyon. Plis enfòmasyon sou frè sa yo ak lòt frè ki aplikab yo divilge nan kondisyon frè sèvis ak frè kont la [yo] (“Barèm Frè”/Frè ki deja detèmine).
- Ou ka konekte kont sa a ak yon kont chèk konsomatè ou genyen nan PNC pou bay kont chèk sa pwoteksyon pou lè w pa gen ase lajan sou kont chèk la. Si gen yon tranzaksyon fèt sou kont proteje w la ta mete w nan depasman sou kont chèk la, n ap transfere lajan ki sòti nan kont de rezèv/epay la ap kouvri depasman nan kont chèk lan. Si balans ki disponib nan kont de rezèv/epay la mwens pase montan depasman nan kont chèk lan, n ap transfere lajan ki disponib nan kont de rezèv/epay la epwi n ap kouvri yon pati nan depasman nan kont chèk la.

(swit)

## Kont Chèk yo

### Kont Chèk Konsomatè – Depasman nan kont chèk yo

- Ou responsab pou kenbe e kontwole balans lan nan kont la. Nou oblije peye tranzaksyon sou kont ou a sèlman si balans ou sifi pou kouvri tout montan an. Si yo prezante nou yon tranzaksyon, epwi balans ki disponib pou peye tranzaksyon sa a pa sifi pou kouvri tranzaksyon an:
  - Nou ka retounen tranzaksyon sa a san peye si se yon chèk oswa tranzaksyon ACH (Sant Konpansasyon Otomatize);
  - Nou ka refize tranzaksyon an, si se yon tranzaksyon kat de Viza yon sèl fwa epwi ou pa otorize nou peye tranzaksyon sa a nan ka depasman nan kont chèk;
  - Nou ka peye tranzaksyon an, sa ki ka lakòz balans ou vin negatif, epwi n ap fè w peye yon frè pou depasman nan kont chèk la. Pou tranzaksyon ATM ak kat de Viza yon sèl fwa yo, ou dwe otorize nou presizeman pou otorize tranzaksyon sa yo ki depase balans ou genyen sou kont ou a. Pou tranzaksyon chèk, ACH ak debi renouvlab, nou ka peye tranzaksyon sa yo selon desizyon nou epwi nou ka chaje w yon frè.
- Si kont sa a negatif, ou responsab pou ranbouse balans negatif sa a. Si w pa ranbouse balans negatif la, nou ka fèmen kont la, epwi nou ka pran aksyon pou rekipere montan sa a.

## Kont de rezev/Epap yo

- Chak mwa n ap voye yon rapò ki endike tout aktivite ki fèt sou kont la. Ou ta dwe egzamine rapò/bòdwo say o ak anpil atansyon pou si ta jwenn yon erè, oubyen yon tranzaksyon ki pa otorize. Pou plis detay konsènan dwa ak responsablite w si w ta jwenn yon tranzaksyon ki pa otorize, gade nan akò ak divilgasyon kont la.
- Ou menm oubyen nou menm ka fèmen kont sa a nenpòt lè. Si w abandone kont la oubyen li genyen lajan sou li e pa reklame kòb sa a, jan sa dekri nan lwa lè li aplikab, nou ka fèmen kont sa a epwi remèt lajan ki ladan l nan bay Eta oubyen jiridiksyon ki apwopriye a.

## Sètifika Depo yo

- Genyen yon minimòm balans ou dwe genyen pou w louvri yon CD. Gade nan akò kont la oubyen nan divilgasyon kont la pou plis detay.
- Aprè CD a fin louvri, ou pa ka fè depo sou li ankò. Si w fè yon retrè avan dat kontra a rive, oubyen an deyò “entèval y oba ou a”, ou ka peye yon penalite poutèt ou kraze kontra a avan lè. Dat de entèval yo ba ou a, se yon peryòd de tan aprè dat matirite de kontra a kote pandan tan sa ou ka chanje dire yon lòt kontra, ou ka jwenn tou yon to ki diferan, oubyen ajoute lòt lajan sou CD sa a. Ou ka reklame kòb ki nan CD a tou pandan peryòd de gras/entèval tan an san penalite.
- To enterè ki genyen lè w louvri CD a, li ap toujou rete an efè pou jiskaske dat kontra a rive.
- Enterè yo kòmanse anpile nan menm jou ou louvri oubyen ou renouvle CD a. Jan ke kalkile enterè yo konpoze/anpile ak kredite ap varye selon kont ou genyen an. Enterè yo ka depoze sou CD a oubyen nan yon lòt kont depo nan PNC.
- N ap voye yon avètisman avan dat kontra rive, sof si dire kontra a mwens ke 30 jou. Si w pa mande okenn chanjman, CD ou a pral otomatikman renouvle sou menm fòm prodwi a, epwi seswa swa pou menm dire a oubyen pou yon dire de tan ki pi kout. Gade nan akò kont la pou plis detay sou kondisyon renouvèlman an. CD a ap renouvle nan to enterè ki an efè nan dat kontra a pou dire li renouvle a.

PNC ak PNC Bank se mak depoze The PNC Financial Services Group, Inc.

Se PNC Bank, NA ki founi pwodwi ak sèvis depo labank la. **Nou fè pati Manm FDIC.**

Visa se yon mak depoze de Visa International Service Association epwi ki itilize sou lisans li.

©2024 The PNC Financial Services Group, Inc. Tout dwa rezève.